

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Panalungtikan ngeunaan prosés kréatif Abdullah Mustappa ieu mangrupa panalungtikan kualitatif, nu ngagunakeun métode déskriptif. Panalungtikan kualitatif nya éta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif nu mangrupa kecap-kecap tinulis atawa lisan ti jalma-jalma jeung paripolahna nu bisa ditalungtik (Bogdan jeung Taylor dina Moleong, 2007, kc. 4). Jadi udagan tina panalungtikan kualitatif téh nya éta pikeun maham *fenomena* nu kaalaman ku hiji subyéék dina panalungtikanna, saperti paripolah, sawangan, motivasi, jeung tindakan, ku cara ngadéskripsikeun ngaliwatan basa, tina hiji kontéks husus sarta ngamangpaatkeun métode nu alamiah.

Sacara jembar métode minangka cara-cara, stratégi pikeun maham kana *realitas*, sarta léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab-akibat. Minangka alat, sarua jeung téori, métode miboga udagan pikeun méré lolongkrang dina ngaréngsékeun masalah (Ratna, 2015, kc. 34).


Kecap déskriptif asal kecapna tina basa Inggris *to describe*, nu hartina ngajelaskeun hiji hal nu hasilna dijelaskeun dina wangun laporan panalungtikan. Métode déskriptif miboga udagan ngajelaskeun fakta-fakta nu aya. Nilik kana éta hal, métode déskriptif dipilih lantaran novél mangrupa ékspresi tina rarasaan, jeung sawangan pangarang kana kondisi masarakat, sarta pamarekan ekspresif nu maluruh gambaran eusi novél jeung prosés kréatif pangarangna. Anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan prosés kréatif pangarang nu ngawengku unsur-unsur ékspresif pangarang, jeung téhnik prosés kréatif pangarang waktu ngarang novél *Lembur Singkur*.

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan ngaliwatan tilu léngkah garapan, nya éta:

- (1) nangtukeun tatapakan téoritis;
- (2) néangan sumber-sumber fakta, boh lisan boh tulisan, pikeun ngarojong panalungtikan; jeung
- (3) nganalisis objék panalungtikan, dumasar kana sumber-sumber faktana.

Saterusna éta data anu geus kumpul téh disusun jadi hiji runtuyan anu gembleng tuluy dianalisis. Ari pikeun nyusun, nalaah, jeung medar sumber data nepi ka nganalisis data, ieu panalungtikan mikabutuh *desain* anu puguh jeung ngéntép-seureuh. Desain panalungtikan nya éta bagan guluyurna tahap panalungtikan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan. Désain dina rarancang panalungtikan antukna bisa meunangkeun hiji logika. Desain panalungtikan nu dilaksanakeun miboga sababaraha tahapan, saperti dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data


Panalungtikan kana novél *Lembur Singkur* karya Abdullah Mustappa mangrupa panalungtikan kualitatif. Sumber utama dina panalungtikan kualitatif nya éta kekecapan jeung kalakuan. Salian ti éta, aya data tambahan saperti dokumen. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sagala rupa réferénsi, saperti buku, jurnal, éséy, jeung warta dina média massa ngeunaan pangarang jeung kasang tukang sajarah dina prosés nyiptakeunana, hasil wawancara, sarta buku sumber nu patali jeung ieu panalungtikan (Lofland jeung Lofland dina Moleong, 2007, kc. 157). Sumber data utama dina ieu panalungtikan nya éta novél *Lembur Singkur* karya Abdullah Mustappa.

3.2.1 Idéntitas Novél *Lembur Singkur* Karya Abdullah Mustappa

Lembur Singkur mimiti dipublikasikeun dina rubrik “Carnyam” (caritanyambung genep bagian) dina majalah *Manglé*, ti nomor 388 nepi ka nomor 393. Diterbitkeun jadi buku nu mimiti ku Mitra Kencana taun 1979, tuluy citakan anu kadua jeung katilu dicitak ku PT. Kiblat Buku Utama (taun 2001 jeung 2009). Kandalna 51 kaca ngawengku 8 bagian. Nu matak ngirut nya éta kasang tukang dina novél *Lembur Singkur* téh kaayaan sosial anu kungsi kajadian di Tatar Sunda, sarta pangarangna ngalaman sorangan éta kajadian. Eusi caritana museur kana kahirupan masarakat, kelas atawa golongan anu jadi idéntitas palaku dina carita. Saupama digolongkeun kana téma jeung eusi masalah nu dicaritakeunana, novél *Lembur Singkur* kaasup kana novél sosial.

Pidangan jilid novél *Lembur Singkur* meujeuhna pikeun ngagambarkeun kaayaan eusi carita ngeunaan lembur anu diserang ku goromboloan DI. Dina jilidna aya gambar imah panggung ku bilik anu pernahna jiga di lebak gunung, mangrupa simbol lembur anu singkur. Di sisi jeung gigir jilid aya gambar seuneu nu ngabebela, éta mangrupa simbol yén *Lembur Singkur* nu singkur téh keuna ku hiji masalah, nya éta ayana babarontakan ti gorombolan DI.

Gambar 3.1 Cover Novél *Lembur Singkur*



3.2.2 Ringkesan Carita

Lembur Singkur nyaritakeun lalakon budak lalaki nu hirup dina kapeurih jeung kasedih mangsa Tatar Sunda kacow ku mahabuna gorombolan DI. Téma sosial dina novél *Lembur Singkur* karasa pisan lelebna dina unggal adegan nu kajadian dina éta novél. Puseur carita lain kaayaan politik nu jadi kasang tukang situasi dina carita, tapi pangalaman hiji budak lalaki nu teu apal rupa bapa. Budak lalaki teu apal kana rupa bapana alatan can kungsi tepung sakali-kali acan. Ari pangna kitu lantaran bapana éta budak lalaki téh aub jeung gorombolan, ninggalkeun budak lalaki jeung lanceuk ogé indungna. Sanajan kungsi sababaraha kali bapana rerencepan datang ka imah, tapi éta budak téh teu kungsi sidik kana rupa bapana.

Tokoh séjénna nya éta Ema, Kang Hadi, jeung Kang Ahmad miboga karakter anu kuat lantaran salawasna mindingan saniskara perkara nu patali jeung bapana. Kungsi sababaraha kali bapana rerencepan datang ka imahna, basa éta budak lalaki cengkat hayang nepungan dihulag ku lanceukna. Dina hiji peuting bapana datang pikeun ngajak lanceuk-lanceukna biluk jeung gorombolan DI ka gunung, tapi Kang Liana Cantika, 2017

PROSÉS KRÉATIF ABDULLAH MUSTAPPA DINA NOVÉL LEMBUR SINGKUR: KAJIAN ÉKSPRÉSIF KARYA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Hadi jeung Kang Ahmad langsung nolak, kitu ogé Ema teu bisa maksakeun kahayang bapana. Alatan bapana anu milu jeung gorombolan DI, lanceuk-lanceuk jeung indungna sababaraha kali kawiwirangan lantaran dipanggil ku tentara pikeun diinterogasi. Malah mah waktu éta lembur diduruk ku gorombolan DI, isukna indung jeung lanceukna ditahan di pos tentara pikeun diinterogasi. Tuluyna budak lalaki téh kapaksa dititipkeun di imah nu aman, najan embung pisan jauh ti indungna. Isukna sanggeus diinterogasi, tina samping jeung kabaya indungna kaambeu bau hanyir getih jeung beungeutna bareng, najan kitu éta budak teu lesot tina lahanan indungna bakating ku sieun pisah deui.

Dina tungtung carita lain kabagjaan anu disuguhkeun tapi konflik batin anu kacipta lantaran sabada kaayaan rék mimiti balik deui sabihari, gorombolan DI tarurun serah bongkokan. Budak lalaki téa banget atohna, lantaran anu diimpi-impina kalaksana nya éta tepung jeung bapa. Waktu treuk-treuk anu mawa gorombolan DI tarurun gunung, kabéh jalma di lembur milu narungguan da panasaran, najan euweuh nu danti. Hiji-hiji treuk mimiti areureun, jalma tina jero treuk nu turun asup ka balé désa tuluy disampeurkeun ku kulawargana. Tapi nepi ka treuk nu panungtung kosong, bapa éta budak lalaki téh teu kacaritakeun milu turun. Manéhna teu kungsi nyaho rupa bapa lantaran dina kabuktianna anu diarep-arep téh saenyana geus lastari.

3.2.3 Narasumber

Narasumber dina ieu panalungtikan nya éta pangarang novél nu dijadikeun sumber data. Di handap ieu dijéntrékeun biografi Abdullah Mustappa salaku narasumber sarta pangarang novél *Lembur Singkur*. Ieu biografi dumasar kana hasil wawancara jeung cutatan tina dokumén séjénna nu ngarojong.

Abdullah Mustappa inohong dina widang jurnalis, budaya, ogé sastra Sunda. Lantaran bapana urang Arab ngaran Abdullah Mustappa téh tina ngahijikeun ngaran Aki jeung Bapana. Ngaran akina H. Abdullah jeung ngaran bapana H. Mustappa. Enya gé bapana urang Arab, indungna mah pituin urang Sunda, ngaranna Enas.

Abdullah Mustappa lahir di Sangojar, Limbangan, Garut, 18 Nopémber 1945. Dina taun 1949, opat taun sanggeus Abdullah Mustappa lahir, di sababaraha wewengkon pasisian Jawa Barat keuna ku babarontakan DI/TII, kaasup wewengkonna di Limbangan. Salila 8 taun Abdullah ngalaman sorangan kumaha kapeurihna hirup dina mangsa babarontakan DI/TII.

Pangaruh tina pangalaman babarontakan DI/TII téh kacida gedéna pikeun Abdullah Mustappa, pangpangna lebah pandangan ngeunaan kahirupanna. Waktu nyawang hiji masalah anu patali jeung dua golongan, Abdullah Mustappa pasti nyawang tina sudut pandang dua golongan éta, sarta nu paling utamana mah pikeun Abdullah Mustappa nya éta kamasalahatan masarakat. Pangalaman éta ogé jadi kasang tukang pamikiran sarta tulisan Abdullah Mustappa, anu nepi ka kiwari ngulik kana kaayaan politik jeung kayaan sosial masarakat, hususna di tatar Sunda.

Harita sanajan dina kaayaan riweuh ku gorombolan, Abdullah Mustappa rajin macaan buku. Karesepna kana maca dimimitian waktu sakola di SR. Najan harita di SR euweuh perpustakaan, Abdullah Mustappa sok rajin nginjeuman buku anu ngan aya di ruang Kepala Sekolah.

Satutasna namatkeun SR di Limbangan, Abdullah Mustappa pindah ka Bandung. Abdullah Mustappa ngahaja dipindahkeun ka Bandung, lantaran kolotna hariwang budakna jadi sasaran dibawa ka leuweung ku gorombolan DI. Jabaning di lemburna harita aya markas TNI nu pasti jadi sasaran serangan gorombolan DI. Jadi Abdullah Mustappa ngalaman éta kajadian téh ti umur opat taun nepi ka umur dua welas taun.

Waktu nganjrek di Bandung anjeunna hésé nuluykeun ka SMP Negeri, sanajan harita nilai rapot waktu di SR panggedéna sakacamatan Limbangan. Ari nu jadi lantaran téh harita SMP Negeri di Bandung ngan ukur keur urang Bandung. Jadi urang Limbangan anu pindah ka Bandung mah teu bisa sakola di sakola negeri. Jaba harita di Bandung téh ngan ukur jeung lanceukna jadi euweuh dulur nu bisa ngusahakeun deui. Lantaran anyar pindah ka Bandung, Abdullah Mustappa ogé teu

apal di mana deui aya sakola. Tapi tungtungna mah bisa sakola, lantaran Abdullah Mustappa mimilu jeung budak tatanggana ka SMP Ganesha.

Satamatna ti SMP Ganesha nuluykeun sakola ka SMA. Satamatna ti SMA tuluy kungsi digawé sakeudeung di pabrik karet Pikan, jeung di lingkungan Departemen P & K. Digawéna di pausahaan swasta jeung di Dinas teu lana, lantaran leuwih resep kana sawala jeung nulis. Alesan séjénna lantaran Abdullah Mustappa embung katalikung ku pagawéan anu ngan ukur cicing ngadedeluk di kantor.

Pangaresepna kana sawala nyababkeun Abdullah Mustappa patepung jeung anggota IPMI (Ikatan Pers Mahasiswa Indonesia) anu kritis kana kaayaan Indonésia harita. Jalma-jalma nu aya di IPMI téh diantarana mahasiswa ti UI, ITB, UNPAD, jeung IPB. Najan lain anggota, kadaék jeung kahayang Abdullah Mustappa kana sawala sarta ngébréhkeun pamadeganna kacida gedéna. Mangsa harita anu jadi bahan sawala dina ririungan boh jeung IPMI boh pakumpulan séjénna téh nya éta ngeunaan sosial-politik jeung ékonomi di Indonésia, najan kayaan ékonomi di Indonésia harita mah can pati rumit jiga kiwari. Salian ti éta, kasenian ogé mangrupa jejer anu ngirut pikeun bahan sawalana. Antukna sababaraha karya sastra karangan anjeunna boh dina basa Sunda boh dina basa Indonesia saeutikna pasti nyigeung kana téma sosia-politik.

Ti mimiti resep sawala minatna kana nulis kacida gedéna, hususna dina tulisan nonfiksi. Sanajan ngamimitian ngarangna dina widang jurnalis (nonfiksi) tapi teu lila ogé tuluy ngamimitian ngarang karya sastra (fiksi). Karya sastra nu ngahudang minat nulis dina sastrana nya éta novél dina basa Indonesia, karangan Achdiat Karta Miharja anu judulna *Atheis*. Sanggeus maca éta Abdullah Mustappa ngarasa aya kasaruaan kasang tukang antara eusi carita dina novél *Ahteis* jeung kasang tukang kahirupan Abdullah Mustappa. Ti harita nya tuluy Abdullah Mustappa ngahususkeun diri pikeun ngarang, boh fiksi boh non fiksi. Jadi kabiasaan nulis karya sastrana méh bareng jeung aubna Abdullah Mustappa dina widang jurnalis.

Abdullah Mustappa ngamimitian nulis carpon basa Indonesia dina koran *Pikiran Rakyat* dina rubrik “Kuntum Mekar”, rubrik husus pikeun pangarang anyar.

Tuluy kungsi nulis carpon basa Indonesia dina tabloid mingguan Jabar *Mimbar Demokrasi* jeung *Mingguan Mahasiswa Indonesia* (MI) édisi Jabar. Anu ngadegkeun *Mimbar Demokrasi* téh Ikatan Pers Mahasiswa (IPMI). Sanajan *Mimbar Demokrasi* mangrupa tabloid politik, tapi sok aya rubrik pikeun carpon anu témana sosial-politik. Tulisan dina basa Sundana kakara dimimitian waktu anjeunna tepung jeung KTS anu sarua keur néang inpormasi ngeunaan hiji kajadian (anjeunna harita keur jadi wartawan di *Mimbar Demokrasi*), tuluy ditawaran nulis dina majalah *Manglé* ku KTS.

Dina taun 1971 Abdullah Mustappa Mimiti ngasuh Majalah *Fusi*, tuluy jadi koresponden majalah *Mimbar*, *Manglé* jeung *Tempo* (1972-1978). Laju taun 1978 jadi direktur Majalah *Manglé* nepi ka jadi wakil pamingpin rédaksi. Taun 1986 anjeunna kaluar ti *Manglé* pikeun mingpin Penerbit Pustaka Karsa Sunda (1987-1988), sarta digawé jadi rédaktur di *Mingguan Galura*, Kalawarta Basa Sunda. Harita Abdullah Mustappa ogé mingpin *Katumbiri* nu medal sabulan sakali. Tuluy kungsi jadi redaktur tabloid basa Sunda *Galura (Pikiran Rakyat)*, sarta anggota redaksi koran *Pikiran Rakyat*.

Dina basa Sunda Abdullah Mustappa nulis carpon, sajak, artikel, sarta narjamaahkeun buku. Bukuna nu munggaran medal nya éta *Lembur Singkur* (1979). Satuluyna Abdullah Mustappa ogé medalkeun sababaraha buku, diantarana *Nu Teu Kungsi Kalisankeun* (1985), *Cihaliwung Nunjang Kidul* (1985), *Si Mata Heulang* (salinan bebas tina *Last of the Mohican* karya F. Fenimore Cooper), *Mikung* (1985), *Wirahma Sajak* (1985), *Sawidak Carita Pondok* (antologi carita pondok Sunda disusun bareng jeung Karno Kartadibrata sarta Duduh Durahman, 1982), *Saratus Sajak Sunda: Pangbagéa Miéling 46 taun Sajak Sunda* (1992), milih jeung jadi éditor kumpulan carpon Aam Amilia anu judulna *Panggung Wayang* (1992), *Saratus Sajak Sunda* (1992), *Tareh Rasululloh* (1994), *Sajak Sunda Indonésia Emas* (1995), jeung Kumpulan Sajak *Titi Mangsa* (2013). Kiwari Abdullah masih nulis sanajan geus teu

gawé di salah sahiji pausahaan media citak. Tulisan Abdullah Mustappa anu maneuh kiwari aya dina koran *Galura*, dina rubrik “Bakékok”.

Kahusuanana dina sawala, maca jeung nulis téh meunangkeun hasil. Abdullah Mustappa nyangking sababaraha pangajén dina widang kabudayaan, jurnalistik jeung sastra. Éséyna ngeunaan puisi Amir Hamzah unggul dina sayembara nu diayakeun ku Pusat Bahasa, Jakarta. Taun 1997, Abdullah Mustappa dilélér Anugrah Jurnalistik Zulharmans ti PWI Pusat pikeun éséy kabudayaanna “Kita Butuh Dialog Kebudayaan” nu dimuat dina koran *Pikiran Rakyat*, anu tingkatanna sa-Indonésia. Dina taun 1995, Abdullah Mustappa dilélér Hadiah Samsudi pikeun bacaan barudak ti Yayasan Kabudayaan Rancagé. Taun 2001, Abdullah Mustappa dilélér Hadiah jurnalistik Moh. Koerdi ti Paguyuban Pasundan. Taun 2006 Abdullah Mustappa dilélér Hadiah Rancagé, pikeun jasa-jasana dina enggoning ngamumulé jeung mekarkeun kasusastraan Sunda. Dina taun 2013 salaku budayawan Abdullah Mustappa meunang Anugrah Budaya ti Kota Bandung. Sarta buku kumpulan sajak *Titi Mangsa* meunang Hadiah Sastra Rancagé taun 2014.

3.3 Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data aya sababaraha hal anu digunakeun, nya éta téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung instrumén panalungtikan.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka, wawancara, jeung dokuméntasi.

1) Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka digunakeun waktu ngumpulkeun data pikeun nganalisis data nu ngarojong kana panalungtikan. Luyu jeung Kusumah (dina Jamilah, 2015, kc. 59), yén téhnik studi pustaka mangrupa téhnik ngumpulkeun data nu mangrupa sumber tinulis. Objék dina ieu panalungtikan nya éta novél *Lembur Singkur*.

2) Téhnik Wawancara

Liana Cantika, 2017

PROSÉS KRÉATIF ABDULLAH MUSTAPPA DINA NOVÉL LEMBUR SINGKUR: KAJIAN ÉKSPRÉSIF KARYA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Wawancara (*interview*) mangrupa cara anu dipaké pikeun nyangking data ku cara paadu teuteup sarta ngayakeun tanya jawab, boh antara individu jeung individu, boh individu jeung kelompok (Ratna, 2012, kc. 222). Dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik wawancara, nya éta wawancara terbuka langsung ka pangarang novél *Lembur Singkur*, Abdullah Mustappa. Téhnik wawancara digunakeun dina nyalusur kahirupan Abdullah Mustappa, pikeun ngadeudeulan data panalungtikan.

3) Téhnik Dokuméntasi

Dokuméntasi mangrupa catetan peristiwa anu geus karandapan (Sugiyono, 2012, kc. 240). Dokuméntasi bisa mangrupa dokumén tinulis, gambar, jeung karya-karya monuméntal. Dokuméntasi dina ieu panalungtikan mangrupa bukti yén panalungtik ngalaksanakeun wawancara ka pangarang. Hasilna mangrupa rékaman jeung foto pikeun pangdeudeul data sangkan diolah kalawan jéntré.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Kalayan ngagunakeun téhnik-téhnik nu geus dipedar di luhur, data nu geus kakumpulkeun téh dina ieu panalungtikan tuluy dianalisis ngaliwatan sababaraha tahapan.

Data nu geus dikumpulkeun ngaliwatan sababarah téhnik, tuluy diolah pikeun dianalisis. Analisis mangrupa tarékah anu dilakukeun pikeun ngaorganisasikeun data, milah-milah data jadi hiji hal nu bisa dikokolakeun, ditéangan sarta manggihan hal-hal anu penting nu bisa diajarkeun tur dicaritakeun ka jalma séjén (Bogdan jeung Biklen, dina Moleong, 2007, kc. 248). Pikeun nganalisis Novél *Lembur Singkur* aya sababaraha léngkah pikeun nganalisis sangkan kapanggih prosés kréatif pangarang digunakeun pamarekan éksprésif.

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 235) sacara gurat badag, léngkah-léngkah nu dilakukeun dina panalungtikan pikeun nganalisis data ngawengku tilu hal, nya éta tatahar, tabulasi, jeung dipakéna data saluyu jeung pamarekan panalungtikan.

1) **Tatahar**

Tatahar mangrupa kagiatan pikeun milah-milah data hasil panalungtikan anu tuluy misahkeun data nu kapaké sangkan dina ngolah jeung nganalisis datana rapih tur gemet. Nu kaasup kana kagiatan tatahar nya éta:

- (1) mariksa ngaran jeung biodata narasumber, ieu hal patali jeung validitas data;
- (2) mariksa kalengkepan data, maksudna mariksa ngeusian instrumen dina ngumpulkeun data, sangkan waktu data aya anu kurang bisa buru-buru ditambahan;
- (3) mariksa rupa-rupa data anu kakumpul, maksudna bisi aya data anu teu luyu jeung kahayang panalungtik; jeung
- (4) ngumpulkeun kabéh data anu kapanggih dina hasil studi pustaka jeung wawancara.

2) **Tabulasi**

Tabulasi nya éta prosés ngahijikeun data anu kapanggih dina prosés panalungtikan. Kagiatan dina tabulasi nya éta masing-masingkeun data dumasar gundukanana jeung nyaluyukeun data jeung téhnik analisis anu rék dipaké.

3.3.3 Instrumen Panalungtikan

Arikunto (2013, kc. 203) nétélakeun yén instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa pakakas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana jadi leuwih babari sarta hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis nepi ka leuwih babari dikokolakeun. Ari instrumén nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta kartu data, padoman wawancara, alat rékam, jeung kaméra. Lian ti ngumpulkeun data, dina ngolah data gé digunakeun instrumén panalungtikan, nya éta kartu data. Kartu data dipaké sangkan panalungtik leuwih gampang dina prosés nganalisis data nu patali jeung unsur éksprésif pangarang jeung prosés kreatif pangarang *Lembur Singkur*.

Liana Cantika, 2017

PROSÉS KRÉATIF ABDULLAH MUSTAPPA DINA NOVÉL LEMBUR SINGKUR: KAJIAN ÉKSPRÉSIF KARYA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1) Padoman Wawancara

Padoman wawancara nya éta padoman nu dipaké pikeun nungtun panalungtik dina ngawawancara narasumber sangkan lumangsung kalawan lancar. Padoman wawancara nya éta runtuyan pananya nu bakal ditanyakeun ka narasumber ngeunaan objék nu ditaluntik, narasumber nu diwawancara kudu ditulis idéntitasna. Narasumber dipilih dumasar *purvosive* atawa tinimbangan husus.

Tabel 3.1 Padoman Wawancara

No.	Jejer Pananya	Jumlah Pananya
1	Galuring hirup Abdullah Mustappa	9 pananya
2	Kalungguhan sosial Abdullah Mustappa	4 pananya
3	Pangalaman nulis	7 pananya
4	Prosés kreatif nulis novél <i>Lembur Singkur</i>	21 pananya
5	Unsur-unsur éksprésif Abdullah Mustappa	10 pananya
6	Sawangan Abdullah Mustappa kana dunya sastra kiwari	3 pananya

Format laporan wawancara.

(1) Idéntitas Informan

Jenengan :
 Jenis kelamin :
 Yuswa :
 Kalungguhan :
 Alamat :
 Pakasaban :

Liana Cantika, 2017

PROSÉS KRÉATIF ABDULLAH MUSTAPPA DINA NOVÉL LEMBUR SINGKUR: KAJIAN ÉKSPRÉSIF KARYA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Jenjang atikan :

Pangalaman organisasi :

Riwayat padamelan :

- a. SD.....taun dugi ka taun
- b. SMP.....taun dugi ka taun
- c. SMAtaun dugi ka taun

(2) Pananya

2) Alat Rékam jeung Kaméra

Alat rékam jeung kaméra dipaké pikeun ngarékam jeung ngadokuméntasikeun lumangsungna kagiatan wawancara dina prosés ngumpulkeun data, nya éta ngawawancara Abdullah Mustappa salaku pangarang novél *Lembur Singkur*. Ieu hal dilaksanakeun sangkan data anu dicangking téh akurat sarta mangrupa bukti data panalungtikan.

3) Kartu Data

Kartu data mangrupa instrumén nu dipaké pikeun ngolah data. Data nu geus kuumpul téh tuluy dipindahkeun pikeun dianalisis. Di handap ieu mangrupa gambaran kartu data nu digunakeun.

Gambar 3.1
Kartu Data Unsur Éksprésif Pangarang

KARTU DATA
Cutatan unsur-unsur éksprésif pangarang dina novél <i>Lembur Singkur</i> (Pangarang, taun, kaca)
Analisis :
(1) <i>kontemplasi</i> ,
(2) <i>spontanitas</i> ,
(3) <i>intuisi</i> ,
(4) <i>pangalaman</i> ,
(5) <i>intelegensis</i> ,
(6) <i>integrasi</i> ,
(7) <i>kapribadian</i> ,
(8) <i>émosi</i> ,
(9) <i>konsep seni</i> ,
(10) <i>kakuatan batin</i> ,
(11) <i>imajinasi</i> , jeung
(12) <i>rasa</i> .